# Kegeyli rayonında ishimlik suwın jaqsılaw hám ishki jollardı rekonstruciyalaw maqsetinde 6 mlrd. 922 mln. som qarjı ajıratıladı

2022-jıl 22-noyabr kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı Amanbay Orınbaev Kegeyli rayonındaǵı belsendileri menen ushırasıwda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 408-sanlı qararı menen Qaraqalpaqstanda 2022-2023-jıllarda 252 máhállede jámi 259 obektte qurılıs-ońlaw jumısları ushın 293,7 mlrd. somlıq qarjılar ajıratıltuǵınlıǵı, sonıń ishinde, tek ǵana Kegeyli rayonı boyınsha 12 proektte 6 mlrd. 922 mln.somlıq ishimlik suw tarmaqların jańadan qurıw, ishki jollardı rekonstrukciyalaw jumısları alıp barılatuǵınlıǵın atap ótti. Majilis juwmaǵında jıl juwmaǵına shekem rayondı sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw hám xalıqtıń abadan turmıs keshiriwin támiyinlewge jámi 12 mlrd 334,4 mln.som muǵdarında qosımsha qarjı ajıratılatuǵınlıǵı aytıp ótildi.

Derek: Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Málimleme xızmeti